# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

एक पेड़ मां के नाम अभियान के तहत आजु भिनहिये से प्रदेस क सज्जों जिलन में सरकारी गैर सरकारी कार्यालयन, स्कूल, कॉलेज, यूनिवर्सिटी के लेके कई गो सामाजिक सगंठन की ओरि से पौधा लगवले का क्रम चलत बा। अभियान क सुरूआत मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ में पौधा रोप के कइलें। दुपहरिया बादे अपने गृह जनपद गोरखपुर पहुंच के मुख्यमंत्री शहीद अशफाक उल्लाह खां प्राणि उद्यान में पौध रोपण कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहले कि दुनिया के सबसे बड़हन लोकतंत्र के संवैधानिक मुखिया के रूप में पीएम मोदी क एक पेड़ मां के नाम आह्वान, हर भारतवासी बदे मंत्र बने के चाही। उहां के कहलीं कि यूपी क कुलि आबादी पचीस करोड़ हवे हम छत्तीस करोड़ पचास लाख पौध रोपण कई के रिकॉर्ड तोड़े जा रहलि हईं। अइसन में यूपी मे आजु एक दिन के भित्तर हर मातृ शक्ति के नाव पर तीनि पेड़ लागि रहल हवे।

श्री योगी कहले कि पछिला सालि बड़हन क्षेत्रफल में अकटूबर मे बाढ़ आइल रहल। बाढ़ क समय अगस्त से मध्य सितंबर तक ले रहेला। पहिली बेरि जुलाई के पहिलही हफ्तवे में बाढ़ की विभीषिका झेले के मजबूर होखे के पड़ल। येह से यूपी क चौबीस जिला, बीस लाख से बेसी अबादी प्रभावित रहल। नेपाल अउर उत्तराखंड में भारी बरखा के नाते ई बाढ़ के चपेटा में आइल। ई ग्लोबल वॉर्मिंग क दुष्प्रभाव हवे। ओहर उन्नाव में उपमुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक पौधा लगा के पर्यावरण संरक्षण में पौधन के भूमिका बारे में जनकारी दिहले।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेन्सी– एन टी ए मेडिकल प्रवेश परीक्षा नीट–यूजी क शहरवार अउर  केन्द्रवार परिणाम अपने वेबसाइट पर अपलोड कई दिहले हवे।

एन टी ए सर्वोच्च न्यायालय के निरदेस के बादे रेजल्ट वेबसाइट पर डरले हवें। येह से पहिले न्यायालयएन टी ए के ओम्मेदवारन के पहिचान क मास्किंग कइ के आजु दुपहरयि बारह बजे ले वेबसाइट पर रेजल्ड घोषित कइले क निर्देस दिहले रहल। परिणाम वेबसाइट neet.ntaonline.in पर उपलब्ध हवे।

**********

बाइस जुलाई से सुरू हो रहल सावन महिन्ना के लेके कई गो जिलन में तइयारी जोरिया गइल हवे। कांवड जतरा राहि के मरम्मत के सथहीं यातायात व्यवस्थो में बदलाव कइल जा रहल हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस पर कांवड़ जतरा राहि में परे वाले दोकानिनि के आगे नेम प्लेट लगवले क कार्यवाहियो सुरू हो गइल हौ त ओहीं कुछु जिलन में जतरा राहि में परे वाला मास–मछरी क दोकानि पूरा एक महिन्ना खातिर बन्न करावल जा रहल हवे। येही क्रम में बनारस में मैदागिन से ले के गोदौलिया ले नो व्हीकल जोन घोसित कइल गइल हौ। ओहीं, कई राहिन पर गाड़ियन के रोकि भइले के नाते वाराणसी स्कूल एसोसिएसन सावन के महिन्ना में सोम्मार के स्कूल बन्द कइले क फैसिला कइले हवे अउर एकरे जगहि पर अत्तवार के स्कूल खोलल जाई।

स्कूल एसोसिएसन क अध्यक्ष राहुल सिंह बतवलें कि कांवड़ जतरा के नाते जगहि–जगहि जाम क हालति पैदा होला, अइसने में स्कूली लइकन के सबसे ढेरि दिक्कति क सामना करे के परे ला। ईहे वजह हौ कि एसोसिएसन सोम्मार के स्कूल बन्न कइले क फैसिला कइले हवे। उहां के बतवलीं कि जिला प्रसासन के सथहीं पूर्वांचल स्कूल वेलफेयर एसोसिएसनों येह फैसिला पर सहमत हवे।

येह बेरि सावन महिन्ना क सुरूआत अउर समापन दुन्नो सोम्मार के हो रहल हवे।

ओहर, अमरोहा में कांवड़ जतरा राहि पर परे वाला सज्जो मांसाहारी होटल के बन्न करा दिहल गइल हवे। खाद्य सुरक्षा आयुक्त विनय कुमार अग्रवाल के अगुआई में खाद्य सुरक्षा विभाग क टीमि आजु सम्बन्धित जतरा राहि क निरीक्षण कइलसि अउर पूरा सावन महिन्ना ले अइसन होटलन अउर रेस्टोरेंट के बन्द रखले क निरदेस दिहलसि। जिलाधिकारी राजेश कुमार त्यागी बतवलें कि कांवड़ जतरा राहि पर बड़हन पैमाना पर सीसीटीवी कैमरा लगावल गइल हवे। सुरक्षा के देखत जिला के चारि सुपर जोन, बारह सेक्टर अउर बहत्तर उप सेक्टर में बांटि के मजिस्ट्रेट तैनात कइल गइल हवें।

**********

आम लोगिन अउर किसानन की ओरि से साधारण माटी खोनले के बारे में प्रदेस सरकार महत्वपूर्ण निरदेस जारी कइले हवे। एकरे तहत ऑनलाइन व्यवस्था क उपयोग करत अपने खेत्ते से सौ घन मीटर तक ले माटी खोनले अउर परिवहन कइल जा सकी। एकरे खातिर परमिट क जरूरति नाहीं हौ। सर्त ई होई कि कउनहूं दसा में अपने प्रदेस क माटी दुसरे प्रदेस में न जा सके। येह बारे में सज्जो तहसीलि अउर थान्हा के दिसा–निरदेस जारी कइल गइल हवे। सासन के संज्ञान में लगतारे येह तरह क सिकाइति आवत रहे कि आम लोगिन के ओरि से अपने निजी कार आ सामुदायिक कार बदे अपने खेत्ते से माटी खनि के ले गइले पर पुलिस, प्रसासन परमिट मांगत रहे। प्रदेस क मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह की ओरि से सज्जो जिलाधिकरियन अउर पुलिस कमिस्नर अउर एसएसपी, एसपी के येह बारे में निरदेस दिहल गइल हवे कि अपने खेत्ते से सौ घन मीटर ले माटी खनले अउर परिवहन करे वालन के कउनों तरह क दिक्कति न होखे।

**********